Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 46 (7290)
10 ноябрь 2017 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Поздравление

Уважаемые сотрудники и ветераны органов внутренних дел Унцукульского района!

От имени Администрации муниципального образования, районного Собрания депутатов и от себя лично поздравляю всех сотрудников и ветеранов правоохранительных органов района, так же прикомандированных сотрудников МВД России, с Днем сотрудника органа внутренних дел России! Сотрудники органов внутренних дел всегда занимали достойное место в решении общегосударственных задач.

Ваша самоотверженная служба – гарантия сохранности правопорядка на территории Унцукульского района. Выполняя свой долг, вы защищаете общечеловеческие ценности, сохраняете стабильность в обществе, способствуете дальнейшему его развитию. Ваша служба требует самоотдачи, мужества, высоких профессиональных качеств и связана с немалым риском для жизни.



В этот праздничный день желаю всем работникам, ветеранам полиции Унцукульского района крепкого здоровья, семейного благополучия и успехов в решении возложенных задач по обеспечению законности и правопорядка! Будьте всегда мужественны, любите свою профессию, дорожите ей и, несмотря на все трудности, верно служите своей Родине! Пусть наградой вам будут покой и благополучие в семьях наших граждан, их уважение к полицейским!

**И. НУРМАГОМЕДОВ.**
**Глава МО «Унцукульский район»**

## Къуват буго цолъиялъулъ



Россиялъул халкъазул цолъиялъул къоялда райадминистрациялъул конференц-залалда букIана улкаялъул гьайбатаб праздникалда хурхараб тадбир. Гьенир гIахьаллъана райадминистрациялъул бетIер ГI. НурмухIамадов, гьесул кумекчи М. ХIажиев, Собраниялъул пред. К. Асадулаев ва цогидалдги админ страциялъул хIалтIухъаби.

Тадбир рагьана ва бачана культураялъул отделалъул начальник ГI. ГIабдулаевас. Данделъараздехун баркигун кIалъана ГIиса НурмухIамадов: «Гьаб праздникалъ, гьаб къоялъ нилъеда ракIалде щвезарула халкъазул вацлъи, цолъи, нилъер ВатIаналъул араб гьайбатаб гIумро, метерисеб къоялде божилъи, кинабго умумаз нилъее нахъе тарабщинаб. Гьеб ирсалдехун хIурмат-адабгун ралагьизе ккола нилъ»,-ян бихьизабуна гьес.

Баркиялъул кIалъаял гьаруна К. Асадулаевас, М. ХIажиевас ва цогидазги.

Терроризм

## «Гургинаб столалда нахъа» - семинар



Араб анкьалда райадминистрациялда «Гургинаб столалда нахъа» тIобитIана «20I7 соналда РДялда терроризмалъул идеологиялде данде чIеялъул пачалихъияб программа гIумроялде бахъинабиялъе Унсоколо районалда гьабулеб хIалтIул хIакъалъулъ» абураб темаялда семинар. Гьениб гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул БетIерасул кумекчи, мугIрул округалъул терроризмалде данде чIеялъул РДялъул комиссиялъул член С. Сайповас, печаталъул ва информациялъул министерствалъул вакилзаби Ф. ГIубайдатовалъ, Р. ГIабдуразакъовас, Унсоколо районалъул хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул рахъалъ районалъул бетIерасул замасул ишал тIуралев, М. ХIамзатовас, цогояб информационнияб хъулухъалъул отделалъул нач. М. ХIайбулаевас, АТКялъул специалистаз ва цогидазги.

Жиндирго докладалда Фатима ГIубайдатовалъ бицана муниципалиял гIуцIияз цогидалги субъектазгун цадахъ министерствалъ терроризмалъул идеологиялде данде гьабулеб бугеб хIалтIул, тIиритIизарулел ругел видеороликазул. Семинаралъул гIахьалчагIаз гьабулеб бугеб хIалтIуда хурхун гьелъие кьуна гIемерал суалал. Щибалъе гьелъ кьуна чIванкъотIарал жавабалги.

С. Сайповас гIахьалчагIазда бицана щивав гIахьалчияс интернет хIалтIизабулаго гьеб ишалъулъ махщел камил гьабизе кколин, гIемерисез интерненталдасан пайда босулеб бугелъул гъорлъе раккун хIалтIи гIуцIизе, хIажатазе интернет пространствоялъул божи бугеб кумек щвезе кколин. –ХIалтIи букIине ккола приоритетнияб, гьелъул кумекалдалъун гIолеб гIелалъе тарбия кьеялде рачIине ккола нилъ, эктсремизмалдехун рагъ базе ругьун гьаризе ккола г1олеб г1ел.

Семинаралъул гIахьалчагIаз бихьизабухъе хадубккунги хIалтIи гьабизе ккола социалиялгун терроризмалде данде чIарал роликал лъеялда хурхун, терроризмалъулгун экстремизмалъул нахъегIанаб политика гьезда бичIчIизабиялъе, гьелдехун рокьукъаб балагьи куцазе ккола щивасулъ, ай хайир кьоледухъ бачине ккола информационнияб хIалтIи,-ян тIадчIей гьабуна Сайповас.

## «Даим кIутIе абе тIабигIаталъул гIурччинаб ракI»

Гьал къоязда районалъул библиотекаялда букIана экологиялъул соналда хурхун тIобитIараб «Даим кIутIе абе тIабигIаталъул гIурччинаб ракI»,- абураб тадбир. Аслияб мурадлъун тадбиралъул букIана цIалдохъабазулъ гIаммаб рукъалдехун, экологиялъул захIмалъабаздехун кIвар буссинаби, гьелда хурхараб тарбия гIолеб гIелалъе кьей. Тадбиралде ахIун рукIана классалъул нухмалъулелгун цадахъ Унсоколо росдал школазул цIалдохъаби.

Библиотекаялъул цIалдолезул залалда гьабун букIана тематикиял тIахьазул выставка, хIадурун букIана «Завещаю беречь нам этот мир»,-абураб фотоальбом. ЦIакъ берцинго хIадурун бугоан даруял хурдузул ва пихъазул букIон.

Библиотекаялъул хIалтIухъабаз цIалдохъабазулгун лъай-хъвай гьабуна районалъулги республикаялъулги ракьул гъатазул. «Лъим гIумроялъул ицц»,-абураб бутIаялда лъималазда бицана республикаялъул лъел хIакъалъулъ гIемерал интересал балъголъаби.

Тадбир ана хIаялъул ва познавательнияб къагIидаялъ. ЦIалдохъабаз классазул нухмалъулезгун цадахъ хIаракатаб гIахьаллъи гьабуна конкурсалда, интересал хIаязулъ, гIакъилал жавабал кьуна суалазе, бихьизабуна хурдузул ва рухIчIаголъабазул хIакъалъулъ лъикIаб лъай щун букIин.

Ахиралда районалъул культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевас баркала загьир гьабуна тадбир гIуцIаразе, кIиябго школалъул цIалдохъабазе. Библиотекаялъул хIалтIухъабазе баркала загьир гьабуна № 2 школалъул цIаралдасан учительница П-З. ГIабдулаевалъ.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 46 (7190)*

*10 ноябрь 2017 сон*



**Россиялъул жанисел ишазул Министр В. Колокольцевас Госдумаялда кIалъалаго бихьизабуна Дагъистаналда тIатунел ругел закон хвезабиялъул хIужабазде данде къеркьей гьабулеб бугин. Гьенибго бихьизабуна МВДялъул хIалтIухъабазда гьоркьобги гьабизе бугин гьениб гIадлу-низам,- абун.**



Унсоколо район цебетIеялъе

# Туризмалъе нилъер киналго ресал руго



Араб анкьалда районалда ккана гIемерал кIвар бугели ишал – рачIун рукIана РДялъул туризмалъул ва художественниял промыслабазул Министерствалдасан хIалтIулаб группа. Гьезул аслияб мурад букIана районалъул тарихиял ва берцинал бакIал лъазари, администрациялъул районалда ругел туристлъиялъул маршрутазул ва гьалбадерил рукъзабазул паспортизация гьаби.

Россиялъул Президент В. В. Путиница тIадкъай кьураб жанисеб туризм цебетIезабилъегун гIум-роялде бахъинабиялъе нилъер районалдаги хIакъикъаталда гIезегIанго хIалтIаби гьарун руго. Туризмалъул инфраструктура цебетIезабиялъе шартIал рукIинариялъе, гьелъие цIикIкIарал ресал ругеб бакI хIисабалда инвестициял рачIинарулел руго. Администрациялъул группаялъ хIадурун РДялъул Минкультураялде кьун руго туризмалъул хIалтIи гIуцIиялъе хIажатал проектниялгун технологиял документал.

РДялъул Минтуризмалде районалъул росабазул бутIрузул хIаракатаб хIалтIудалъун паспортизация гьабизеункъго туристлъиялъул маршрутазул трасса кьун руго: «Ущелье семи водопадов» (Рихьуни), «Араканское ущелье» (ГьаракIуни), «Тропы любвы Махмуда из Кахабросо» (ХъахIабросо), «Гимры – колибель истории» (Генуб), гьалбадерил рукъзал «Барик» (Рихьуни), «Кунак» (Шамилхьала), «Майданский» (Майданское).

Райадминистрациялъул вакилзаби – районалъул бетIерасул кумекчIужу Р. ХIайбулаевалъ, контролиябгун счетнияб палатаялъул х1алт1ухъан Ж. Шамсудиновас, РДялъул Минтуризмалъул специалист-экспертал, туризмалъул рекреа-ционнияб комплексалъул Управлениялъул на-чальникасул зам. Ш. А. Муриловас, эксперталъул бетIерай специалист К. М. Самедовалъ, проектниябгун офисалъул нухмалъулей, Н. О. ГIусмановалъ, аслияй специалист-эксперт Н. Р. Закриевалъ цIех-рехал гьаруна туристлъиялъул маршрутазул ва росабалъ ругел гьалбадерил рукъзабазул. Гьез тIадегIанаб къимат кьуна районалда туристлъиялъул хIалтIуе лъун бугеб кьучIалъе. Хасаб къагIидаялъ лъикIаб асар гьабуна эксперименталияб рихьундерил маршруталъе, фотографал гьариялъе ресал ругел ГьаракIуни ущельялъе. МустахIикъаб къимат кьуна рихьундерил лъел хIорда аскIоб бугеб «Кунак» гьалбадерил рукъалъеги.

Бихьизабуна район бугин хIакъикъаталдаги лъагIалида жаниб кинабниги 250 бакъул къо, цебе кIудияб берцинаб лъим цIунараб хIор бугеб туристлъиялъе санагIатаб бакI,-абун. Гьениб буго лъел туризм цебетIезабиялъе гурелги, мугIруздегун къурабазде ххариялъе, альпинизмалъе, боцIи хьихьиялъе, цебе заманалъул алатал цIунараб, туристазда бихьизе гIемераб жо бугеб бакI. Дагъал ругониги руго соснаялъулгун березаялъул рохьал, рорхатал, лъадал чваххиял, рес буго санаториялъулгун курортниял сах гьариялъул ишазе, гьединго районалда гIемер руго геотермальниял иццазул лъимал.

Руго тIабигIаталъул памятникал, цIар арал халкъиял промыслаби, тарихалъул ва архитектураялъул памятниказда хурхун бечедаб тарих.

Генуб росулъа рахъана Дагъистаналъул кIиго имам – ГъазимухIамад ва Шамиль, ХъахIабросулъ гьавуна цIар рагIарав поэт-лирик, «Кавказалъул Блокилан» цIар тарав МахIмуд, Унсоколо росулъа вахъана общественниявгун политикияв хIаракатчи, революционер М. Дахадаев ва гь. ц.

Район буго хIакъикъаталдаги МугIрузул Дагъистаналъул «ракIлъун». Гьеб буго гIицIго 80 км. республикаялъул тахшагьар МахIачхъалаялдаса рикIкIад. Тахшагьаралъе цIар кьун буго ансадерил гьайбатав вас МахIач Дахадаевасул. Нухал гьарулезул кумекалдалъун тIолабго Севернияб Кавказалда гьечIел гIадал лъикIал нухал руго районалда.

ГIицIго туристлъиялъул объектазул инфраструктура гьаби гуребги хIалтIаби гьарулел руго туристлъиялъул хIалтIуе кадровияб потенциал хIадур гьабиялъеги. ХIадурулел руго туризмалъул индустрия лъалел специалистал, батIи-батIиял росабалъа 5 чи витIун вуго Россиялъул государственнияб туризмалъул ва сервисалъул университеталде (МахIачхъалаялда бугеб филиалалде), туризмалъул бальголъабазе цIализе.

РДялъул Минтуризмалъул экспертаз -махщелча гIаз гIадин гIемераб бадирчIваял ва рихьизарил гьаруна районалда гьеб ишалда гьабулеб бугеб хIалтIуда хурхун, кьуна предложениял турпоток байбихьилалде тIуразаричIого рес гьечIел хIалтIабазда хурхун. Хабар ккана гьелъ районалъе кьезе бугеб хайиралъул. Рихьизаруна гIемерал гIунгутIаби, ричча-рихъан теял, пикру буссинабуна гьезда тIад хIалтIаби гьаризе ккеялде, инвесторал рачIинариялде, Россиялъул ва дунялалъулго туриндустриялде рачIине ккеялде. Гьелъие районалда киналго ресалги руго.

**Раисат ХIАЙБУЛАЕВА.**
**Районалъул бетIерасул кумекчIужу.**

# Активалъул данделъи

Ноябралъул байбихьуда райадминистрациялъул конференц-залалда бетIер ГI. НурмухIамадовас тIобитIана районалъул активалъул данделъи. Гьениб гIахьаллъи гьабуна бетIерасул зам. С. АрулмухIамадовас, рагъулав комиссар Ш. МухIамадовас, администрациялъул жавабиял хIалтIухъабаз, росабазул бутIруз ца цогидазги.

Данделъи рагьана ва бачана ГI. НурмухIамадовас. «Байбихьудаго баркала загьир гьабизе бокьун буго цеве вукIарав республикаялъул БетIер Р. ХIажимурадовичасе, республикаялъе ва нилъер районалъе гьес гьабунциналъухъ. Нилъеца хIалтIи гьебго темпалда дагьабги лъикI бачина, район цебетIезабиялъе кинабго гьабила. ГIодоре риччан чIезе заман гьечIо нилъер»,-ян бихьизабуна гьес.

Гьабулеб бугеб хIалтIул хIисаб кьуна Унсоколо росдал бетIер ХI. Г1абдулаевас. Жиндирго кIалъаялда гьес тIадчIей гьабуна ракьазул актуализация гьабиялда, налогал ракIариялъул бугеб хIалалдаги. – Жакъа къоялда Унсоколо росулъ налогал ракIариялъул план тIубан буго 37 %, бугонъиялде бачIараб налог бакIари буго 0 процентална. ХIасилал лъикIлъиялъул мурадалда тIаде кколезе кьун руго хасал тIадкъаял, росулъ ругел лъай кьеялъул ва ясли-ахазул учреждениязда налог бакIариялъул хIалтIуда хурхун жигараб хIалтIи унеб буго.

РагIа-ракьанде щун бицана школазул ва ясли-ахазул хIалтIул, гьениб бугеб хIалалъул, гьабураб хIалтIул хIисаб кьуна школазул директораз, ясли-ахазул заведующияз. Рихьуни школалъул директорас бицана школалде хьвадуларел лъимал рачIинариялъул, гьеб суалалда хурхун лъай кьеялъул управлениялъ ва цогидалги органаз цадахъ рекъон гьабураб хIалтIул.

РачIунарел лъимал рачIинариялъул суалазда хурхун кIалъана лъай кьеялъул управлениялъул начальник Л. МухIамадгIалиев. Гьес бицана щибаб санайил гьеб рахъалъул хал гьабулин росабазул бутIруз, участковиявгун цадахъ, -абун. Рихьуни ясли-ахалъул заведующиялъ тIадчIей гьабуна лъималазе кьолеб кванида, терроризмалдегун экстремизмалде данде чIарал гара-чIвариял лъималазе гьариялда.

Лъай кьеялъул суалалда тIадчIей гьабулаго ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна гьеб иш кидаго хъаравуллъиялда гьоркь букIине кколин. Нилъер щивасул бугин цо мурад – лъималазе лъай ва тарбия щвей, битIараб нухдаса гьел къурунгутIи, районалъул, республикаялъул ва тIолабго улкаялъул патриоталлъун гьел рахъин.

Финансазул рахъалъ бугеб хIалалъул бицана С. АрулмухIамадовас. Гьес бихьизабуна лъагIалил планалда рекъон жакъа къоялде щвезегIан гIарац бачIиналъулъ бугин I0 млн. нахъеккей, бицана ясли-ахакь кванил ва хIалтIухъ мухь кьеялъул бугеб хIалалъул.

ХIасилал гьарулаго ГI. НурмухIамадовас киналго нухмалъулезул жив-живасул жавабчилъи букIине ккеялде кIвар буссинабуна. Гьеб хъатIана росабазул бутIрузда, учреждениял-организациязул нухмалъулезда.

Редакциялде кагъат: росдал магIишат

# Унго-унгоял специалистал

«Зирани» ГУПалъул гъутан буго Ногъай районалъул ракьалда. Гьенире машинаялда рекIун рачIине ккани хIажалъула 4-5 сагIат. ГIи-боцIухъабаз гIумро гьабулеб буго тIабигIиял балагьазухъ балагьичIого.

ГIемерал унта-щокълъиял загьирлъула гьел мучIдузда хьихьун ругел гIи-боцIуда. Нижер магIишаталда хасав ветхIалтIухъан гьечIониги гIи-боцIи сахго цIуниялъе хIаракатаб жигарчилъи бихьизабула Унсоколо районалъул ветуправлениялъул хIалтIухъабаз. Нухлул халалъиялъухъ ва захIмалъиялъухъ балагьичIого гьез бихьизабураб графикалда рекъон гьарула батIи-батIиял унтабазде данде чIолел дараби, гIи-боцIухъабазе гьарула хIажатал малъа-хъваял. Бокьарал суалазе гIи-боцIухъабазе кумек гьабизе гьел кидаго хIадур ратула.

Дие бокьун буго дирго рахъалдасан, нижер гIи-боцIухъабазул рахъалдасан кIудияб хIурматалда баркала загьир гьабизе ветуправлениялъул нач. ХI. МухIамадовасе, кIудияв ветврач М. ГIабдулаевасе, ветврач М. МухIамадгIалиевасе.

Гьадинал рукIине ккела росдал магIишаталъул бутIаялда хIалтIулел специалистал.

**М. МУХIАМАДОВ.**
**«Зирани» ГУПалъул директор.**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 46 (7190)*
*Рузман*
*10 ноябрь 2017 сон*
3 гьумер

**Садовод**

Страница в номере




# Официальное обращение

Руководствуясь задачей информирования широких кругов общественности о ходе реализации федерального проекта по формированию комфортной городской среды и вопросов участия населения в осуществлении местного самоуправления, обозначенной Президентом РФ на Заседании Совета по развитию местного самоуправления 5 августа 2017 года, ОИА «Новости России» и редакция журнала «Экономическая политика России» (учрежден 12.04.2007 года Минобрнауки России, Минэкономразвития России, Минпромторгом России и Росстатом, свидетельство о регистрации ПИ № ФС77-27975) формируют в сети интернет Стратегический план концептуальных предложений субъектов РФ и муниципальных образований, действующих на их территориях, по укреплению взаимодействия всех уровней власти РФ с целью повышения уровня жизни граждан России http://www.kremlinrus.ru/news/7082/ .

Целями данного бесплатного ресурса являются:

- Информационное содействие региональным и муниципальным органам исполнительной власти в деле концентрации ресурсов и усилий на решение проблем граждан, проживающих на территориях всех видов населенных пунктов регионов России с учетом добавлений Федерального закона от 27 мая 2014 года № 136-ФЗ (сельское поселение, городское поселение, муниципальный район, городской округ, внутригородская территория города федерального значения, городской округ внутригородским делением, внутригородской район), обеспечение новых возможностей для реализации инициатив рядовых жителей регионов России, выявления успешных практик построения работы органов местного самоуправления по активному привлечению граждан в решении проблем городов, сел и поселков.

- Демонстрация конкретных проектов регионального и муниципального уровня власти, который максимально близок к людям, к их реальным заботам, ведь, только при постоянном, неформальном, заинтересованном общении с жителями можно узнать, почувствовать, что их действительно волнует, и вместе с гражданами добиваться решения насущных задач, строить, строить планы развития. Добавить конструктивные концептуальные предложения можно здесь http://www.kremlinrus.ru/news/

- Презентация наиболее конкурентоспособных отраслевых программ продуктивной работы с населением на мероприятиях международного значения в вопросах социально-экономического и инвестиционного развития территорий, обеспечение финансовой стабильности и выработки стратегий ценообразования, развития предпринимательства и потребительского рынка, жилищного строительства и градостроительства, обновления промышленности и транспортной инфраструктуры, совершенствование системы АПК, ЖКХ, ТЭК и экологической безопасности, осуществления ветеринарной деятельности и лицензионного контроля, регулирования контрактной системы в сфере закупок и тарифного регулирования, занятости и трудовых отношений, укрепления продовольственной безопасности, природного, культурного, спортивно-туристского, научно-образовательного потенциала, повышение доступности и качества информатизации и связи, органов ЗАГС и нотариата, медицинской помощи, гражданской, правовой и социальной защиты населения РФ возможна в рамках Международного Информационного Центра. Подробнее – тут http://www.kremlinrus.ru/about/.

-Стратегические направления развития регионов России актуализируются здесь http://www.kremlinrus.ru/news/165/.

- Освещение деятельности органов власти субъектов РФ по формированию комфортной городской среды, так как обустраивать придомовые территории, парки, общественные пространства необходимо, безусловно, с учетом мнения граждан, которые проживают на этих территориях.

- Жители муниципальных образований субъектов РФ могут написать о запланированных или уже реализуемых проектах, связанных с перспективами развития своего населенного пункта в специальном блоке на странице http://www.kremlinrus.ru/vk/.

# Гаирбеку Абдурахманову - 75 лет

*(Делегация Унцукульского района приняла участие в международной конференции «Биологическое разнообразие Кавказа и юга России»)*



С 5 по 6 ноября на базе Дагестанского государственного университета прошла XIX Международная научная конференция с элементами научной школы молодых ученых «Биологическое разнообразие Кавказа и юга России».

Она была посвященная 75-летию со дня рождения д.б.н., Заслуженного деятеля науки РФ, академика Российской экологической академии, директора Института экологии и устойчивого развития ДГУ Гайирбега Абдурахманова.

Конференция является одним из знаковых научных мероприятий, реализуемых в Республике Дагестан в Год экологии. В мероприятии принимают участие ученые из 8 иностранных государств ближнего и дальнего зарубежья, а также 19 субъектов России.

В конференции приняла участие и делегация Унцукульского района под представительством главы МО «Унцукульский район» Нурмагомедова Исы Магомедовича.

5 ноября в белом зале Дома Дружбы состоялось официальное открытие и пленарное заседание конференции.

Мероприятие открыл ректор Даггосуниверситета Муртазали Рабаданов. Он поприветствовал всех присутствующих и выразил надежду на то, что форум пройдет продуктивно и успешно для всех его участников. Кроме того, ректор вручил ученому диплом об избрании его Заслуженным профессором ДГУ.

Благодарственное письмо Заслуженному деятелю науки РФ, лауреату Госпремии по естественным техническим наукам Республики Дагестан, уроженцу Унцукульского района, земляку, вручил глава МО «Унцукульский район» Иса Магомедович.

Почетным гостем открытия конференции стал первый президент Республики Дагестан, Почетный профессор ДГУ Муху Алиев. Он отметил, что с Гайирбегом Абдурахмановым его уже давно связывают долгие и дружеские отношения. «На протяжении всей жизни Гайирбег Магомедович пробовал себя в разных сферах. Но главным его призванием стала наука. Это очень яркий и самобытный, трудолюбивый и целеустремленный ученый, сделавший много для развития экологии как Дагестана, так и Кавказа в целом. Гайирбег Абдурахманов обладает рядом бесценных человеческих качеств, и то, сколько друзей сегодня приехало его поздравить, в лишний раз это доказывает», – подчеркнул он.

Исполнительный директор Неправительственного экологического фонда им. В. И. Вернадского и Российской экологической академии Ольга Плямина поздравила Гайирбега Абдурахманова с юбилеем и проведением такой масштабной конференции. Также Ольга Плямина передала профессору благодарность «За многолетний добросовестный труд в области образования и науки» и в связи с 75-летием со дня рождения, от Комитета Государственной Думы по образованию и науке. Кроме того, юбиляру были переданы поздравления от члена Комитета Госдумы по образованию и науке, корреспондента РАН Гаджимета Сафаралиева. Гайирбег Абдурахманов был отмечен и Персональной почетной национальной экологической премией фонда им. В.И. Вернадского.

# Назначен новый руководитель администрации Главы и правительства Дагестана



8 ноября врио главы Дагестана Владимир Васильев подписал указа о назначении руководителя администрации главы и правительства (АГП) Дагестана. Им стал Владимир Иванов.

Отметим, что это назначение ожидалось. Владимир Иванов сменил на этом посту Исмаила Эфендиева. Он теперь стал заместителем главы АГП.

Иванов прибыл в республику вместе с Владимиром Васильевым и считается человеком из его близкого окружения. Отметим, с 2016 года Владимир Иванов руководил аппаратом фракции «Единой России» в Госдуме, а саму фракцию, напомним, возглавлял нынешний врио главы Дагестана.

Добавим, что это назначение станет своего рода толчком к более решительным шагам нового руководства республики по кадровому обновлению исполнительной власти.

# Муниципалияб этап



Араб анкьалда Шамильхъалаялъул школалда тIобитIана ОБЖялъул рахъалъ ТIолгороссиялъул цIалдохъабазул олимпиадаялъул муниципалияб этап. Гьенир гIахьаллъана районалъул киналго школазул 7-II классазул цIалдохъабазул олимпиадабазда гIахьаллъун бергьарал цIалдохъаби, гьединго арал соназул муниципалияб этапалда бергьарал лъималги. Олимпиадаялда гIахьаллъана районалъул лъай кьеялъул отделалъул хIалтIухъан, цебетIураб пикруялъул лъималазул рахъалъ жавабияй З. ХIусейнова, гьезулго жавабияй х1алт1ухъан С. ГIабдурахIманова, гьединго Шамильхъалаялъул школалъул педагогал.

Сакинат ГIабдурахIмановалъ салам кьуна тадбиралда гIахьаллъаразе, лъималазда гьарана кинабго ишалъулъ цIодорго рукIа,-ян ва гьарана лъикIал хIасилал щвей.

КIалъазе вахъарав Шамильхъалаялъул школалъул цIалул рахъалъ завуч А. МухIамадгIалиевас абуна: «Хириял лъимал, хIурматиял педагогал, дун вохарав вуго жакъа нужее салам кьезе щвеялдаса. Вохарав вуго нилъеда гьоркьор гьединал махщел бугел ва пикро цебетIурал лъимал рукIиналдаса. Бихьизабе нужерго махщел-гьунар, лъай, нижги къватIир чIвазаруге. Баркула нужеда муниципалияб эпат рагьи, гьарула бергьенлъаби ва битIккей!».

ЛъикIал хIасилал ккеялъе кумек букIине гIумроялъул нухалда хIинкъи гьечIолъи букIиналда хурхун экспресс-дарс кьуна Шамильхъалаялъул школалъул ОБЖялъул учитель М. ГIабдулаевас.

ТIолгороссиялъул цIалдохъабазул олимпиадаялъул муниципалияб этапалъухъ балагьизе школалде рачIун рукIана Дагъистаналъулпачалихъияблуниверситеталъул халкъияб магIишаталъул, республикаялъул Централъ гьунар бугел лъимал ралагьизе ритIарал студентал. Вакилзабаз цIалдохъабазухъе кьуна титульниял тIамчал, гьел цIезаризе кколеб куцалъул бицана. Кумек гьабуна тадбир гIуцIаразе этап магIнаялда гIуцIиялъе, тIадчIана тIадкъая жалго цIалдохъабаз тIуразари букIинабиялда.

Ахиралда цIалдохъабаз тIуразарурал хIалтIаби-комплектал гьарун вакилзабаз ДГУНХялде битIун бугищали хал гьабизе ана.

Спорт

## ЦIияб бергьенлъи



I9-20 октябралда Москва областалъул Чехов шагьаралда букIана I6 сониде рахинчIел гIисинал гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ первенство. Кьецал тIоритIулел рукIана I4 категориялъул цIайиязда: - 32, 35, 38, 42, 50, 54, 58, 63, 69, 76, 85, I00, I20 кг. щвезегIан. Первенствоялда гIахьаллъи гьабуна улкаялъул 5I регионалдаса 495 спортсменас. Гьел кьецазда 54 кг. цIайиялда гIарцул призерлъун вахъана Унсоколо районалъул ГIашилтIа росулъа спортсмен ГIарип ГIабдулаев. Гьев ккола республикаялъул грекоримазул гугариялъул рахъалъ церетIурал гIолохъанал гугарухъабазул цояв.

ГIарип ГIабдулаев ккола районалъул ва республикаялъул чемпион, Россиялъул, Европаялъул призер, халкъазда гьоркьосел, ТIолгороссиялъул ва республикаялъул турниразул чемпион. Баркула ГIарип ГIабдулаевасда цIияб бергьенлъи!

# Мадугьалзабазухъ гьоболлъухъ



26 октябралда райадминистрациялъул, лъай кьеялъул, № I Унсоколо гьоркьохъеб щколалъул ва цогидал росабазул чIахIиял классазул цIалдохъабазулги ГIахьуща районалъул Муги росулъ бугеб гIемерпрофильнияб лицеялъул вакилзабазухъ гьоболлъухъ дандчIвай букIана. Гьеб гIуцIун букIана «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул кумекчIужу Р. ХIайбулевалъ.

Аслияб мурадлъун дандчIваялъул букIана кIиябго районалъул цIалдохъабазул лъай-хъвай ккей, гьез жидерго лъайгун бажариялъул, культураялъул, кухнялъул цоцазул лъай-хъвай гьаби.

ЦIалдохъаби щвана лицеялде, бихьана Мугиялъул подворье, гьенир рихьизарулел рукIана некIсияб гIумроялъул рукIарахьиналъул тIагIелал. ЦIалдохъабазда бицана культуриябгун тарихияб ирс цIуниялъул бугеб кIваралъул. Лицеялъул вакилзабаз цIалдохъабазе гьоболлъи гьабуна тIагIамаб квеназдалъун. Унсоколо № I школалъул цIалдохъаналъ бихьизабуна миллияб кухнялда хурхун мастер-класс. Гьебго школалъул директорасул зам. Н. ХIамзатовалъ лицеялъулазе баркала загьир гьабуна хинаб къабул гьариялъухъ, кутакалда интересалда тIамураб заманалъухъ, тIагIамаб квеналъухъ.

Ахиралда районалъул гIолилазулгун хIалтIи гьабиялъул отделалъул нач. А. МухIастановас администрациялъул цIаралдасан баркала загьир гьабуна мадугьалзабазе лъикIаб къабул гьариялъухъ.

## ХIалтIи бокьун бугищ – ворхалъе!

Китаялда лага-сан гIезабиялде кIудияб хIасрат букIуна. Гьелъие гIилла буго хIалтIуде росиялъул лъазаби. Гьениб рагьараб тексталдалъун лъазабун букIуна «бихьизабуралдаса гIодобегIанаб лага бугесде гьари бугин хIалтIи кьеян вачIунге»,-ян.

Китайцал кутакаллда божула ворхатав вугогIан чиясул ресал ругин лъикIаб хIалтIи щвезе,-абун. Бищунго рес кьотIу де ккарал къокъаб лага-черхалъул китай цал уна рост цIикIкIинабиялъе операциял гьаризе. Гьединал операцияздаса хадур гIадан тIаде гIола I5 сантиметраялъ, амма гIодобегIанаб къадаралъ анльго моцIалъ вилъанхъизе кIоларо.

Районалъул «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго Унсоколо «Ромашка» ясли-ахалъул зав. Загьидатида, вац МухIамадида ва тIолабго гIагарлъиялда гьезул эмен

**Ибрагьим**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Гьесие Аллагьас алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе сабруги кьеги.


**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора 89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 10. 11. 17 г. 16. 30
фактически -16. 40 мин.
........................................

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.